

# **GOD'S SIMPLE PLAN OF SALVATION**

## **Introduction**

1 Yohana 5:13 « Ivyo ndabibandikiye mwebge mwizeye izina ry'umwana w'Imana, kugira mumenye yuko mu fise ubugingo budashira. »

### **I Twese turabacumuzi.**

Abaroma 3:10 nk'uko handitswe," ngo Nta wugororoka, nta n'umwe,

Abaroma 3:23 bose bakoze ivyaha, ntibashikira ubgiza bg'Imana



### **Twese turabacumuzi.**

### **II Urupfu ibihe bidashira, n' irwo twari dukwiye kubg' ivyaha vyacu.**

Abaroma 6:23 Ingero y' icaha n'urupfu ; arikw'ingabire y'Imana n'ubugingo budashira , bubonerwa muri Christo Yesu umwami wacu.

Intangamarara 21:8 Ariko ibijora, abatizera, abakora ibizira, abicanyi, abashurashuzi, abarozi, abasenga ibigirwamana n'abanyabinyoma bose, umugabane wabo uzoba mu kiyaga caka umuriro n'ibizuku, ni co rupfu rwa kabiri.

### **III Yesu yapfira k' umusaraba, azira ivyaha vyacu. Yaronse igihano twari kuronka- urupfu.**

Abaroma 5:8 Arikw Imana yatweretse urukundo rwayo idukunda, kuko Kristo yadupfiriye tukir'abanyavyaha.

Yohana 3:16-17 « Kuko urukundo Imana yakunze abari mw'isi ari rwo rwatumye itanga umwana wayo uw'ikinege, ng'umwizera wese nt'aze apfe rubi, arikw'ahabge ubugingo budashira. Kukw'Imana itatumye Umwana wayo gucira abari mw'isi urubanza, ariko ngw abari mw'isi bakizwe nawe.»

Abaroma 6:23 Ingero y'icaha n'urupfu ; arikw'ingabire y'Imana n'ubugingo budashira , bubonerwa muri Christo Yesu umwami wacu.



**Christ died for sinners!**

#### **IV N'iyaba wifuza kw'akira Yesu Kristo nk'umwami n'umukiza kugira uronke izo mbabazi zivuye ku Mana, Senga irisengesho.**

Abanyefeso 2:8-9 Ubuntu ni bgo bgabakijije kug'ukwizera :na vyo nyene ntivyavuye kurimwebge, n'ingabire y'Imana.

Tito 3:5 « itadukirishije ibikorwa vyo kugororoka twakoze, ariko, nk'ukw'imbabazi zayo ziri, idukirisha ukwozwa kuzana ukuvyarwa ubga kabiri, ikadukirisha ugihundurwa basha na Mpwemu Yera.»

IGITABO C' IVYAKOZWE N'INTUMWA 4:12 Kandi nta wundi agakiza kabonerwamwo, kuko ata rindi zina musi y'ijuru ryahawe abantu dukwiye gukirizwamwo.

#### **V Mu kwizera yuko Yesu yarishe irydeni ryawen ; Kandi Imana iraguharira.**

Abaroma 10:9-10,13 Kuko ni waturisha akanwa yuko Yesu ari Umwami, ukizera mu mutima yuko Imana yamuzuye imukuye mu bapfuye, uzokizwa; kuko umutima ari wo umuntu yizeresha, akaronka ukugororoka; kandi akanwa akaba ari ko yaturisha, akaronka agakiza. kuko, Umuntu wese azokwambaza izina ry'Uhoraho azokizwa.

*Ego vyororoshe gutyo ! ntushobora « gukorera » imbabazi z'Imana- ntaco ushobora gutanga kugira uzironke. Ushobora kuzakira gusa, uciye mu kw'izera, ku buntu nu bwiza bg'Imana.*

*N'iyaba wifuza kw'akira Yesu Kristo nk'umwami n'umukiza kugira uronke izo mbabazi zivuye ku Mana, Senga irisengesho. Wibuke yuko gusenga gutya canke ukundi atarivyo bigukiza. Ni kwizera Yesu Kristo n'ububasha bgiwe bigukura mu vyaha vyawe. Vuga uti: «*

**Mana,**

**ndazi ko nagucumuyeko kandi ndazi ko nkwiye igihano. Muga Yesu Kristo yikoreye ico gihano kubwanje, kugira ngo m'ukumwizera nshobore guharirwa. Ndashize ivyizigiro vyanje kuri wewe Yesu, kugira ndokoke. Ndagushimira ku mbabazi n'ubuntu ungiriye. Amen »**